

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan medar ngeunaan pakeman basa nu kapanggih dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. pikeun bahan pangajaran di SMP. Aya tilu hal nu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta wanda pakeman basa, harti pakeman basa, jeung larapna pakeman basa pikeun bahan pangajaran di SMP. Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, kapanggih aya 423 pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima*. Anapon wanda pakeman basa anu kapanggih, nyaéta kekecapan (244 data), babasan (132 data), jeung paribasa (47 data). Kekecapan kaasup pakeman basa anu panglobana kapanggih, ari anu pangsaeutikna nyaéta pakeman basa nu mangrupa paribasa. Sésana mangrupa babasan. Réana pakeman basa anu kapanggih dina éta kumpulan carpon téh salasahijina dikasangtukangan ku pangarangna. Kis. Ws. salaku pangarang kahot tangtuna jembar ku kaweruh ngeunaan unggara pakeman basa minangka salasahiji kabeungharan basa Sunda anu ilahar digunakeun ku masarakat dina kahirupan. Salian ti éta, prosés kréatif pangarang nu kacipta tina pangalaman pribadina atawa tina lingkungan masarakatna mangaruhan kana pakeman basa nu réa digunakeun dina tiap carponna.

Babasan jeung paribasa dipasing-pasing deui wandana. Wanda babasan dumasar kana sumber babandinganana, nyaéta babasan miraga (21 data), babasan misato (18 data), babasan mituwuhan (4 data), babasan mialam (5 data), jeung babasan mibarang (20 data). Salian ti éta, kapanggih hal anyar patali jeung wanda babasan milaku anu patali jeung laku lampah manusa (10 data). Paribasa dipasing-pasing jadi tilu bagian, nyaéta maksud nu dikandungna, cara gumelarna, jeung sumber babandinganana.

Dumasar maksud atawa eusi nu dikandung ku paribasa, nyaéta paribasa piluangeun (47 data) jeung paribasa pituah (1 data). Dumasar kana cara gelarna paribasa, nyaéta paribasa tina asal kajadian (9 data) jeung paribasa tina basa kabujanggaan (20 data). Wanda paribasa ditilik tina sumber babandinganana, nyaéta paribasa miraga (5 data), paribasa misato (7 data), paribasa mituwuhan (2

data), paribasa mialam (1 data), paribasa mibarang (11 data), paribasa milaku (12 data), sarta paribasa babandingan campuran ngawengku paribasa misato jeung mituwuhan (1 data), jeung paribasa misato jeung mialam (2 data).

Kadua, harti nu dikandung ku pakeman basa disebut harti idiomatis. Harti idiomatis bisa disawang tina maksud jeung eusi éta pakeman basa, tur teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti nu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna. Salian ti éta, aya harti léksikal atawa harti langsung nu disawang tina kecap-kecap nu dipaké ngawangun pakeman basa atawa dihartikeun nurutkeun harti kamus. Tina hasil analisis jeung déskripsi data, antara harti léksikal jeung harti idiomatis dina kekecapan teu bédha jauh maksudna. Kekecapan ilaharna nuduhkeun harti langsung atawa ngandung harti anu masih kasawang tina salahiji unsur pangwangunna. Ari harti idiomatis dina babasan jeung paribasa ilaharna teu patali jeung harti léksikal tina kecap-kecap nu ngawangunna. Ku sabab kitu, babasan jeung paribasa teu bisa dihartikeun ku cara ngagabungkeun atawa nyambungkeun harti léksikal tina kecap-kecap anu ngawangunna, sabab hartina teu luyu jeung harti idiomatis nu nyangkaruk dina babasan jeung paribasa. Babasan ngandung harti injeman, ari paribasa ngandung harti babandingan.

Katilu, wanda katut harti pakeman basa anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP kelas VIII. Ku sabab kitu, dijieun tujuan pangajaran matéri pakeman basa anu luyu jeung “Capaian Pembelajaran Fase D” anu nyoko kana opat élémén kamahéran basa nyaéta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Bahan ajarna mangrupa sempalan téks carpon nu réa pakeman basana tur dirarancang kgiatan diajarna anu patali jeung kamahéran basa (ngaregepkeun, maca jeung miarsa, nyarita jeung midangkeun, sarta nulis). Salian ti éta, dijieun asésmen pangajaran ngeunaan pakeman basa pikeun ngukur kamampuh siswa dina maham matéri ajar.

Sacara umum bisa dicindekkeun yén dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. téh euyeub pisan ku pakeman basa. Wanda pakeman basa nu kapanggih nyaéta kekecapan, babasan, jeung paribasa. Pakeman basa ngandung harti teu langsung, tapi kudu disurahan atawa ditafsirkeun heula, sabab bédha jeung harti kecap-kecap nu ngawangunna. Hasil panalungtikan bisa dilarapkeun jadi bahan pangajaran pakeman basa di SMP.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang kabasaan hususna ngeunaan pakeman basa. Bisa ogé jadi bahan bacaan anu méré informasi ngeunaan wanda jeung harti dina pakeman basa tur bisa jadi panggeuing pikeun maké atawa ngalarapkeun pakeman basa dina kahirupan sapopoé. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi atawa sumber bahan ajar dina kagiatan pangajaran pakeman basa. Bahan ajar jeung modul ajar pakeman basa nu geus disusun ku panalungtik bisa dicoba ku guru pikeun dilarapkeun di sakola sangkan siswa bisa maham matéri ajar tur bisa ngasah kamahéran basa nu ngawengku ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis.

5.3 Rékomendasi

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sawatara hal anu perlu dirékoméndasikeun, saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan dipedar wanda jeung harti pakeman basa nu ngawengku kekecapan, babasan, jeung paribasa. Dipiharep panalungtikan satuluyna bisa ngaguar leuwih teleb ngeunaan wangun tina kekecapan, babasan, jeung paribasa.

Kadua, ieu panalungtikan ngeunaan pakeman basa kakara ditalungtik ngagunakeun élmu sémantik. Ku kituna, dipiharep panalungtikan satuluyna bisa nalungtik pakeman basa ngagunakeun élmu séjénna.

Katilu, hasil tina ieu panalungtikan ukur dijadikeun bahan pangajaran. Ku sabab kitu, perlu dilaksanakeun panalungtikan séjén anu ngaguar larapna pangajaran pakeman basa di sakola.